


# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫНДАҒЫ АДАМ АТЛАРЫНЫҢ ЛЕКСИКА-СЕМАНТИКАЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

**З.Данциярова**
доцент ў.ў.а;
**Д.Қәдирбаева**
студент
Нөкис инновациялық институты
https://doi.org/10.5281/zenodo.12818185

**ARTICLE INFO**
Qabul qilindi: 15-July 2024 yil
Ma'qullandi: 20- Juiy 2024 yil
Nashr qilindi: 25- July 2024 yil

**KEYWORDS**
*Солай екен биз де жумысымызда жоқарыда айтылған пикирлер тийкарында қарақалпақ фольклорындағы адам атларының бағышлаў, арнаў атлары бойынша мысалларды көрсетип өтпекшимиз*

**ABSTRACT**
*Қарақалпақ халқының аўызеки дөретиўшилиги халқымыздың руўхый дүньясының тийкары есапланады. Келешек әўладларды руўхый дүньясы бай, кәмил инсанлар етип тәрбиялаўда аўызеки халық дөретпелериниң тутатуғын орны айрықша. Әсиресе 100 томлық қарақалпақ фольклорында жумсалған меншикли адам атлары халқымыздың көп әсирлик ат қойыў мәденияты туўралы баҳалы мағлыўматлар береди. Дурысында да, адам атларын изертлеў арқалы халықтың тил тарийхын, үрп-әдет дәстүрлерин, социаллық жағдайларын х.т.б. сырларын ашыўға болады.*

Адамзат жәмийетинде нәресте туўылғаннан кейинги ең әҳмийетли мәселелердиң бири оған ат қойыу болып есапланады. Ат қойыу ерте дәуирлерден басланған ҳәм бул дәстүр адамларды семяда ҳәм жәмийетте бир-биринен ажыратыў зәрүрлигинен келип шыққан.[Сайымбетов О.Т:54]. Ҳәзирги адам атлары өзиниң узақ даўам еткен тәрийхына ийе. Бизди қоршаған әлемниң мәдений тиллик картинасын баянлаў предмети сыпатында қарайтуғын болсақ, фолклорлық мәнилерге фолклорист модел ҳақққында өзиниң түсиниклери менен барыўға умтылады, ал тилши илимпаз сөздиң семантикасын баянлаў арқалы барыўға умтылады [Абдиназимов Ш:4] Дурыс, биз фолклорлық шығармалар бойынша көплеген изертлеўлерди көрсетип өтиўимизге болады [Бекбаўлов О, Абдиназимов Ш:91, Абдиназимов Ш:4].

Әййемнен ата-бабаларымыз балаға ат қойыўда, оның бахты ҳәм әўмети атына байланыслы деп есаплаған. «Балаға қойылған ат оның тәғдирине тәсир қылады» деген түсиниклер дәўирлер өтиўи менен ат баланың қорғаўшысына айланады, оған күш бағышлайды, бир өмир жолдас болып жүретуғын қуралы болады деген пикирлерди келтирип шығарады [Бегматов, 2010: 588]

Бизди қоршаған әлемниң мәдений тиллик картинасын баянлаў предмети сыпатында қарайтуғын болсақ, фольклорлық мәнилерге фольклорист модель ҳаққында өзиниң түсиниклери менен барыўға умтылады, ал тилши илимпаз сөздиң семантикасын баянлаў арқалы барыўға умтылады [Абдиназимов,2018:15].

С.Е. Кенжаева өзиниң кандидатлық диссертациясында өзбек атларын бағышлаў атлары, тәриплеў атлары ҳәм тилек атлары деп үш топарға бөлип көрсетеди. [Кенжаева, 2011:17].

Солай екен биз де жумысымызда жоқарыда айтылған пикирлер тийкарында қарақалпақ фольклорындағы адам атларының бағышлаў, арнаў атлары бойынша мысалларды көрсетип өтпекшимиз. Меморатив ямаса бағышлаў, арнаў атлары-ҳәзирги ўақытқа шекем халықтың сана сезиминде сақланып келген өткендеги түсиниклерге байланыслы атамалар ҳәм тарийхта өз излерин қалдырған белгили адамлардың атларын туўылған нәрестеге естелик ретинде арнап қойыў сыяқлы уғымды аңлатады. Бул өз гезегинде төмендегидей шақапшаларға бөлинип үйрениледи. 1.Тотем атлары. Тотем атларының меншикли адам атлары ретинде қолланылыўы жүдә қурамалы мәселелердиң бири. Түркий халықларында тотемизмниң келип шығыўы урыўлық қәўимниң пайда болыўы менен байланыслы. Э.Бегматов «Түркий тиллеринде қасқырға байланыслы, өсимликке байланыслы ҳ.т.б. болған тотем атлар жүдә характерли» деп көрсетеди [Бегматов 1965:8]. Әййемги халықлар ҳәр қыйлы ҳайўанатларды, қусларды, өсимликлерди, таңбаларды ҳ.т.б. қубылысларды кәраматлы күш ретинде танып, оларға ҳүрмет, иззет пенен қараған, соларға сыйынатуғын болған. Мине усындай тотем атлар қарақалпақ фольклорында да ушырасады. Мәселен, **ҳайўанатларға байланыслы атлар**:

Жийдели Байсын халқында,
Қоңырат деген ел еди,
Руўы еди ырғақлы,

Байбөри, Байсары деген еки теңлес бай болып булар дүньяға келди [Алпамыс 1-том: 5].

Бунда Байбөри атының қурамында «бөри» сөзиниң келиўи ерте дәўирлерде бабаларымыз көк бөриге көк тәңри деп сыйынғанлығы ҳаққында рәўиятлар да жазылған. Ҳәзирги ўақытта унамсыз тип сыпатында сүўретленип жүрген «қасқыр» ямаса «бөри» әййемги түркий халықларының сыйыныўшы күши, ҳүрметли қорғаўшысы есабында қаралған. Бөри, қасқыр VI әсирлерде өмир сүрген түркий халықларында үлкен мәниге ийе болған [Каримов, 2014].

Атың **Қоблан** болсын деп,
Қулағына дем урды [Қоблан13- том:405].

Бул мысалда қарақалпақша Қоблан деген ат әййемги түркий тиллеринде қаплан жолбарыс деген мәнини аңлатса, ал туңгус-манчжур тиллеринде Қоблан-айыў деген мәниде қолланылады [Сайымбетов,2000].

Журт ийеси әдалатлы **Шери хан**
Атамның иниси еди бул султан [Алпамыс 3- том: 363].

Үргениш журтында уллы бес қала бар еди. Ҳәр қаласының бир ханы бар екен, оның ең уллы ханына Ералыхан деп ат береди екен. Және биринде Нәдир султан деп ат береди екен. Үшиншиси Аралхан, төртиншиси Айханхан, бесишиси **Жолбарысхан**-бес хан сәўбет етти [Юсип-Ахмет 38- том: 29].

Ақылды алсаң, жан достым, Бул кәрадан кетерсең,
**Арыслан** туўған қалаға, Ҳә демей-ақ жетесең [Қырық қыз 9-том: 62].

Қаплан, шер, арыслан хәм жолбарыс-булар туўра мәнисинде күшли, қорықпас ҳәм жыртқыш ҳайўанлардың тымсалы. Мысалдан көринип турғанындай бул атлар күшлиликти, батырлықты, әдалатлықты аңлатып келген. Халық шайыры Бердақ бабамыздың «Жигит болсаң арыслaндай туўылған, Хызмет еткил удайына халық ушын» деген косық қатарларында да ата-бабаларымыз ер жигиттиң күшли, мәрт, батыр, қайтпас инсанлар болып тәрбияланыўына тилеклеслик билдирген ҳәм усындай батырларға шын кеўилден исеним бидирген.

Мәртликтен байладым белиме пота,

Шубардың пиридүр я **Жылқышы** ата [Алпамыс,4- том: 447].

Жылқы әзелден халқымыздың аўырын жеңиллетиўши, узағын жақынлатыўшы садық дос сыпатындағы ҳайўан символы. Көринип турғанындай мысалдағы Жылқышы аты шубардың пирине күшли исениўшиликти билдирип тур. Сондай-ақ халқымызда шарўашылық жети ғәзийнениң бири есапланған. Бул ҳәр бир ғәзийнениң сыйынатуғын пири-анығырақ айтқанда, бул ғәзийнелердиң қайсы бири менен болса да шуғыллaныўды баслаған инсан ең дәслеп сол ғәзийнениң пирине сыйынып, өзлериниң талапларының оңынан келиўин тилеген ҳәм бар күши менен исенген.

Диянаты өзгелерден-мусылман,

Атлары Қабанбек, **Күшикбай**,Тотан [Дәўлетиярбек,19- том:308].

Күшик-бул үй ҳайўаны есапланып, әдетте ийттиң баласын усылай атайды. Бул ҳайўан да адамларға садық, дос ҳайўан символына киреди

Меңлибайдан Бердиәлий бар, Бердиәлийниң беш уғлы бар,

Хожамжар билән Келийар **Түйебай** батыр боған екән

[Шежирелер, 80- том: 216].

Түйе-бир ямаса еки өркешли, шөлге шыдамлы гүйсейтуғын, табанлары үлкен, жалпақ, төрт түлик малдың бир түри [Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги, 4-том: 361]. Халқымызда түйеге байланыслы да исенимлерди көплеп ушыратамыз. Мәселен, айырым ҳәмиледар ҳаяллардың босаныў ўақты созылып баратырса түйениң гөшин жеп қойған сыяқлы ҳәзил-дәлкек гәплер ушырасады ҳәм түйениң астынан үш мәрте өтсе ямаса сүўретин сызып үстинен атласа тез босанады деген исенимлер де кең тарқалған. Сондай-ақ айырым арқайын, аңқаўсымақлаў адамларды түйеден түсип қалғандай, түйедей әўдийген сыяқлы теңеулер де усындай исенимлерден келип шыққан.

**Қусларға байланыслы атлар:**

Әне, **Қарғабай** суўпы,«алтын көрсе периште жолдан шығады» деген, әўел айтпаса да, айтыўға енди ҳәўаланды, алтынды еситип баба қатты қуўанды [Мәспатша,10- том: 179.

Қарға ямаса ғарға-бул ең узақ өмир сүретуғын қуслардың бири. Сонлықтан бул ат адамның узақ жасаўы ушын, өмири узақ болсын деген тилек пенен қойылыўы мүмкин [Сайымбетов 2002:56]. Айырым мийнетлерде көрсетилиўинше, «ғарға» поэтикалық текстте кеўилсиз ҳәдийселердиң дәрекшиси сыпатында қаралады делинген [Хожанов 2017:87].

**Бөденетай**, Бурқултай,

Хан хызметинде болса, Ақыры қәреп дер еди [Едиге12- том: 297].

Бөдене-бүлбүл қусаған кишкене сайрайтуғын дала ҳәм үй қусы [Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги, 1-том: 342].

Саңмурын, **Торғай,** Толыбай,

Қарақалпақтың сәрдары екен [Аманбай батыр, 29- том:143].

Торғай-бул денеси пәр менен жабылған мүйиз тумсықлы кишкене дала қус [ҚҚТТС 4-том: 255].

Тағы болды бир қызы

Атын **Қумыры** қояды [Ҳатам-тай 49-том:195].

Қумыры-кишкене сайрайтуғын қус. Қус атамалары көбинесе қызларға сулыўлық, минайым, нәзик кеўиллилик, пәк болсын деген тилекке байланыслы қойылады.

**Аққуўбай** патша **Қарақус** пенен урысып, бир кемпир менен ғаррының үйиниң шаңарағына келип қонады [Қыялый ертеклер,67-том:76]. Бундай атлар көбинесе ертеклерде аққуў-жақсылық тымсалы ал, қарақус болса жаманлық тымсалы ретинде сүўретленеди.

Күнлердиң бир күнлери Байбөри байдың ҳаялы Жантиллес бир ул, бир қыз туўды, улының атын Алпамыс, ал қызының атын **Қарылғаш Айым** қойды [Алпамыс, 2-том:87].

Қарылғаш-Қуйрығы, қанаты узын, ушқыш, жазда жасайтуғын қара ала, кишкене қус. Аўыспалы мәниде-Бир жаңалықты, исти дәслепки баслаўшы деген мәнилерди билдиреди [Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги, 3-т :134]. Ҳақыйқатында да халқымызда бул қусқа исеним күшли. Оны жақсылық тымсалы, бәҳәр паслының ҳабаршысы деп биледи.Соның ушын ҳәр бир қарақалпақ үйиниң ҳәўлилериндеги бул қустың маканлаған уйясы жыллар даўамында қәстерленеди.

Халқымыз әсирлер даўамында ҳәр қыйлы ҳәдийселерге ҳәм предметлерге исенип келген, оларды қәстерлеген. Сөзимиздиң дәлили ретинде бизге табият инам еткен байлықлардың бири дарақлар ямаса терекликлер бойынша да мысаллар келтирсек болады.

**Дараққа байланыслы атлар:**

Ал патшалардың ишинде Бадахшанның халқының, Жулдызшаның журтының, **Еменшаның** халқының жылан патша зәҳәринен қосып алса шәҳәрини, Шахсулайманнан қаған тахты зерли қаланы Жәҳәнгирдей ҳайўанды, ыныс пенен жынысын, жети үлкениң журтыны, Далгенениң халқыны, шул ул менен шул қызды етти ықлым йүзине патша болур деп еди [Шәрияр,11-том:252].

Емен-көп шақалы ҳәм үлкен жапырақлы, қатты қара ағаш [ҚҚТТС,2- том:111]. Қарақалпақ халық шайыры И.Юсуповтың «Турыпты ол жасыл айғақ, Мың жасаған мықлы емен» сыяқлы қосық қатарларында да емен сабыр-төзимлиликтиң, шыдамлылықтың тымсалы сыпатында баянланады.

**Қараманның** алғаны,

Нурпәрий менен Айпәрий [Қоблан,13- том: 408].

Қараман-қатты көп жыллық дарақ [ҚҚТС 3-т:129]. Адамлар бул теректиң қатты ҳәм узақ жыллар жасайтуғынлығын тиришилиги даўамында бақлап ҳәм оған исенип барған. Перзентинен айрылған аналар өз жоқлаўларында да бул терекке исениўшилигин билдирип келген. Мәселен,

Қараман деген қатты ағаш,

Қайрылмасаў деп едим,

Атадан туўған алты перзент,

Айрылмасаў деп едим деген қатарларда бул ағаштың ҳеш қашан қайрылмайтуғынлығына, сынбайтуғынлығына исенип келген.

Жумысымыз даўамында қарақалпақ фольклорында меморатив яғный, арнаў, бағышлаў мәнисиндеги адам атларының бар екенлигин ҳәм оларды халқымыз мәденияты тийкарындағы мысаллар менен көрсетип бердик. Буның менен биз қарақалпақ фольклорындағы қолланылған адам атларының өтмиш тарийхымыздан дәрек беретуғын адам атларының қолланылғанлығын ҳәм олардың бүгинги турмысымызда еле де өз әҳмийетин жойтпағанлығын дәлилледик. Қарақалпақ фольклорында буннан басқа да адам атларының лингвокультурологиялық мәселеси алдағы ўазыйпалардың бирине айланып қалады.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**


1. Абдиназимов Ш. Лингвофольклористика.-Нөкис: Билим. 2018.
2. Бегматов Э. Антропонимика узбекского языка. АКД.-Ташкент, 1965.-Б.8.
3. Бегматов Э.А. Ўзбек исмлари маьноси.-Тошкент Ўз :МЕ, 2010. -Б588
4. Хожанов М. “Бердақ шығармаларында қус символы”// Классикалық әдебият ҳәм жәмийетти мәнаўий жаңалаў мәселелери. Халық аралық илимий конференция материаллары. ӨзИА ҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты.-Нөкис, 2017.-Б87
5. Красных В.В. Этнопсихолингвистика и лингвокультурология. – М.: Курс лекций. ИТДГК, Гнозис, 2002.
6. Кенжаева С.Е. Ўзбек антропонимларининг семантик ва социолингвистик тадқиқи. ном…дисс. автореферати. -Тошкент, 2011.
7. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. 1-т., 1982; 2-т., 1984; 3-т., 1988; 4-т, 1992. -Нөкис:Қарақалпақстан.
8. Сайымбетов О.Т. Қарақалпақ тилиндеги меншикли адам атлары.-Нөкис.:Билим. 2000.71бет.


INNOVATIVE ACADEMY